

Konsèy Jistis Anviwònmantal (EJC)

Reyinyon #24

Jedi 12 Febriye, 2026

Lokal: Lekòl Roxbury Community College, 1234 Columbus Ave, Roxbury, MA
6:30 p.m. jiska 8:00 p.m.

Minit Reyinyon an

Lokal Reyinyon an: An pèsòn

Dokiman reyinyon an: [Ajanda](#), [Prezantasyon](#)

Manm konsèy yo:

- María Belén Power, EEA Sou-sekretè Jistis Sosyal ak Ekite (an pèsòn)
- Marcos Luna- an pèsòn
- Caroline Hon- an pèsòn
- Lydia Lowe – an pèsòn
- Jen Salinetti – an pèsòn
- Madeline Fraser Cook – an pèsòn
- Sofia Owen – an pèsòn
- Paula Garcia– an pèsòn

- Cheryll Holley– vityèl
- Melissa Harding Ferretti – vityèl
- Patricia Spence – vityèl
- Miles Gresham – vityèl
- Kalila Barnett – vityèl

- Harleen Marwah – pa patisipe
- Peter Maathey – pa patisipe

1. Byenveni ak Apèsi sou Lojistik Reyinyon an **María Belén Power** te akeyi tout patisipan yo.

Sophia Spungin te bay yon apèsi sou lojistik reyinyon an, ki enkli itilizasyon bwat kesyon ak repons (Q&A) la ak disponiblite entèprèt yo.

2. Apèsi sou ajanda a

María Belén Power louvre diskisyon an pou Prezidan lekòl Roxbury Community College la, Doktè Jonathan K. Jefferson pou bay kèk pawòl akeyan. Doktè Jefferson te bay kèk pawòl sou angajman Kolèj Kominotè a pou dirabilite ak sou efò aktyèl li yo pou aplike enklizyon ak enfrastrikti entelijan.

María Belén te revize ajanda reyinyon an.

3. Apèl prezans/Apwobasyon minit ansyen reyinyon an

María Belén te prezante nouvo manm konsèy la, Paula Garcia. **Paula Garcia** te fè yon entwodiksyon byen kout.

María Belén fè yon apèl pou prezans manm EJC yo. Nan kòmansman reyinyon an, manm konsèy sa yo te prezan: Kalila Barnett, Madeline Fraser Cook, Melissa Harding-Ferretti, Cheryl Holley, Caroline Hon, Lydia Lowe, Marcos Luna, María Belén Power, Sofia Owen, Jen Salinetti, Patricia Spence, Miles Gresham, ak Paula Garcia.

Lis non manm konsèy sa yo pa t prezan: Harleen Marwah ak Peter Maathey.

María Belén te ouvè diskisyon an pou yon mosyon pou apwouve minit reyinyon EJC #23 nan dat 4 Desanm 2025 la. **Melissa Harding-Ferretti** pwopoze mosyon an pou apwouve li. **Patricia Spence** se te dezyèm moun apwouve mosyon an. Tout manm konsèy ki te prezan yo te aksepte minit yo. **Kalila Barnett, Jen Salinetti, Sofia Owen, Paula Garcia, Miles Gresham te absten. (8 apwouve ak 5 moun rete net)**

4. Premye Sesyon Kesyon ak Repons Piblik

Patisipan piblik vityèl yo fè bay kòmantè epi pose kesyon:

- Yon patisipan ki soti zòn Taunton t ap espere resevwa yon lèt sipò nan men EJC paske li pral parèt devan komisyon zonaj la. Patisipan an eksprime enkyetid li genyen sou viv toupre yon gwo plant melanje beton ak sou ekspozisyon a pousyè alontèm.
- Yon patisipan te eksprime enterè pou jwenn enfòmasyon sou piblikasyon rapò EJ anyèl la. **María Belén** ap gen pou fè swivi sou sa.
- Yon patisipan, yon konseye vil Westfield, t ap chèche konsèy sou kominote ki te depoze petisyon pou jwenn estati EJ pou amelyore pwoteksyon kominote yo. Katye vilnerab yo pa t kapab etabli estati ofisyèl kòm yon kominote pwoteje.
- Yon patisipan an pèsòn eksprime enkyetid li genyen sou pwoteksyon tè pak yo ki se yon zòn EJ. Patisipan an ankouraje EJC pou travay pou pwoteje tè yo epi li bay enfòmasyon sou yon reyinyon piblik konsènan jistis anviwònmanal nan Mattapan.
- Yon patisipan an pèsòn ki soti nan Jamaica Plains te ankouraje pwoteksyon Franklin Park epi li te bay yon fich enfòmasyon ki gen prèv.

5. Prezantasyon sou Plan Enèji Pwòp ak Klima Pòtpawòl **Oleander Stone, Direktè Ekite Klima ak Jistis Anviwònmantral, ak Melissa Mittelman, Asistan Sekretè pou Dekarbonizasyon nan Biwo Egzekitif Massachusetts la**, te bay yon apèsi sou Plan Enèji Pwòp ak Klima (CECP). **Oleander Stone** ak **Melissa Mittelman** te bay enfòmasyon debaz sou objektif CECP la. Oratè yo te dekri kijan CECP la pral diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik atravè tout Commonwealth la lè yo adopte objektif rediksyon, konsidere ekite ak benefis depans yo, epi eksplike enpak sou kominote EJ yo ak plis ankò. CECP la pral itilize yon varyete apwòch modèl epi l ap suiv twa faz pou l atenn objektif CECP pou 2035 yo.

Manm konsèy yo te mande distenksyon ki genyen ant priyorite yo te dekri yo ak sijè yo, klarifikasyon sou 'analiz ensètitud' ak sa li kouvri, klarifikasyon sou objektif ekitab alontèm, elaborasyon sou estrikti angajman yo, detay sou pake politik yo pwopoze, ak metòd pou angaje manm kominote a vityèlman.

6. Sesyon an ti gwoup

Manm konsèy yo te patisipe nan twa sesyon an ti gwoup pandan 15 minit pou diskite kesyon ki anba yo, avèk de(2) gwoup an pèsòn ak yon gwoup anliy.

- Èske gen lòt priyorite ki manke nan lis sa a, oswa lòt fason ou ta sijere pou reflechi sou yo?
- Kijan nou ta dwe panse sou ekite nan kad desizyon an?
- Kòman sa t ap sanble si CECP te reyisi aplike priyorite sa yo atravè politik dekarbonizasyon an?
- Kijan ou wè wòl leta a nan kominote nou yo nan kad travay ki pi elaji nan dekarbonizasyon an?

7. Rapò nou jwenn nan sesyon an ti gwoup yo

Manm konsèy yo rapòte diskisyon yo te fè nan sesyon divizyon yo. Chak gwoup te bay yon rezime konvèsasyon an.

- **Gwoup 1 (anliy):** Gwoup 1 an te diskite ke ide yo prezante yo ka pa aksesib pou yon moun òdinè. Manm konsèy yo te rekòmande pou pa itilize twòp jargon/mo ki difisil pou konprann pou fè konvèsasyon an ouvè pou tout moun. Pou fè sa aksesib pou tout moun, plan an dwe parèt enpòtan e fasil pou moun òdinè konekte avè l. Sijè tankou lè, dlo, manje ak lojman dwe eksplike klèman.
- **Gwoup 2 (an-pèsòn):** Gwoup 2 te diskite sou fason pou panse sou ekite ak kad desizyon an. Manm konsèy yo te dakò ke li te nesè pou defini ekite epi asire ke benefis yo ekitab lè yo gade kijan benefis yo manifeste nan kominote lokal yo. Manm konsèy yo te diskite ke opsyon ki prezante pou rediksyon emisyon yo pa aksesib pou tout kominote (pa egzanp ponp echofaj ak machin elektrik). Ekite dwe konsidere nan yon pèspektiv ki pi elaji, soti nan distribisyon benefis ak sa ki pi vilnerab yo.

Gwoup 3 (an-pèsòn): Gwoup 3 te diskite sou wòl leta a nan kominote yo nan yon kad ki pi elaji travay dekarbonizasyon an. Manm konsèy yo te diskite sou ajiste priyorite yo pou satisfè kapasite leta a epi reflechi sou fason definisyon sa yo pwopoze yo ka

vle di yon bagay diferan pou moun diferan. Li enpòtan pou kominote a etabli definisyon pataje ki pale dirèkteman ak kominote yo. Modèlizasyon dwe baze pi lwen pase domèn akademik epi rekonèt feblès potansyèl yo. Manm konsèy yo dakò ke kominote yo dwe fè pati solisyon an epi yo dwe patisipe nan nivo detaye.

8. Dezyèm Sesyon Kesyon ak Repons Piblik

- Yon patisipan vityèl te vle konsèy la rekonèt ke pwoblèm jistis anviwònmantral afekte moun òdinè a. Patisipan an te ankouraje itilizasyon yon langaj senp pou pale ak moun kote yo ye a konsènan pri abòdab ak pwoblèm kwotidyen, pou ankouraje plis angajman.

Kòmantè nan sesyon Kesyon/Repons la (Q&A) yo nan lis anba a

#	Kesyon	Non Moun ki Poze Kesyon an	Repons
1	Poukisa Plan Jesyon Oseyan Massachusetts la pa konsidere efè chanjman klimatik sou oseyan kotyè a oswa konsekans Jistis Anviwònmantral ki soti nan refi Federal la pou rekonèt efè menase chanjman klimatik sou popilasyon Jistis Anviwònmantral yo?	David Dow	Yo pa reponn li an dirèk
2	Kijan chif reyèl 2025 yo konpare ak manda ki fikse pou 2025 yo?	Kannan Thiruvengadam	Yon kat rapò ansanm ak yon kominike pou laprès pral pibliye 2/13/26 ak plis detay. Sa ap ilistre referans teknolojik yo. Ou ka tou chèche "Clean Energy and Climate Metrics" nan Kat Nòt Klima Massachusetts.
3	Èske Plan Enèji Pwòp ak Chanjman Klima enkli modèl ki baze sou apwòch adaptatif ak apwòch ki baze sou ekosistèm pou efè sou abita sovaj ak bèt sovaj?	David Dow	Yo pa reponn li an dirèk

4	Kòmantè Sierra Club la pou ane 2021 sou revizyon Plan Jesyon Oseyan Massachusetts la te enkli ladan l yon plan jesyon adaptatif ki baze sou ekosistèm.	David Dow	Yo pa reponn li an dirèk.
5	Nan Cape Cod gen 48 Kominote Lafwa ki Angaje nan edikasyon sou chanjman klimatik ak aksyon sou teren ki ta ka ede nan kominikasyon sou Plan Enèji Pwòp ak Chanjman Klimatik la.	David Dow	Yo pa reponn li an dirèk

9. Pwochen Etap epi Fini

María Belén raple manm konsèy yo sou pwochen reyinyon an ki pral fèt **9 Avril nan Orange**.

María Belén mande yon mosyon pou fini a reyinyon an. **Caroline Hon bay** mosyon pou fini.

Miles Gresham te dezyèm moun ki te apwouve mosyon an. Sophia Spungin fè apèl prezans epi tout manm konsèy ki te prezan yo te apwouve. Yo te fini reyinyon an a **8:16 pm**.